



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN BILDING KOMÈSYAL LADWAN ETAZINI NAN PLAZA PON PEACE

Pwojè \$24 milyon an ap fè pasaj sou fwontyè a vin pi efikas pou komès ak vwayaj

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmann Bilding Komèsyal Ladwàn Etazini nan Pon Peace. Modènizasyon ak amelyorasyon bilding komèsyal Ladwàn ap diminye blokis konjesyon trafik e lap fasilite travay ladwàn ki pi efikas. Pwojè a se yon konpozan enpòtan nan *Memorandòm Akò Pon Peace 2013*, ki prevwa yon plan pou pran etap konkrè ki vize nan amelyore sikilasyon trafik sou pati Ameriken Pon an.

“Nou te fè pwogrè enpòtan nan amelyore vwayaj sou Pon Peace e avèk anons jodia se yon lòt gwo etap delavan,” **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Lè nou redwi konjesyon ak reta, pwojè sa ap kontinye asire ke atè sa rete yon pòt dantre enpòtan pou komès e mwen fyè pou m wè l acheve.”

Bilding Ladwàn Komèsyal la bay yon platfòm operasyonèl ki pi efikas ak yon entegrasyon ki pi etwat pami ajans enspeksyon federal enpòtan yo travay pou jere administrasyon operasyon komèsyal chak jou nan Pò a nan Buffalo.

“Pon Peace se kwazman ki pi frekante ak kamyon komèsyal ant Kanada ak Etazini,” **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**. “Li enperatif ke nou ogmante efikasite pou pèmèt Eta New York benefisye de touris ak komès ki delivre grasa pòt dantre entènasyonal Buffalo.”

“Defans kontinyèl Gouvènè a pou amelyorasyon nan koridò Pon Peace ap rekonpanse jodia,” **te deklare Prezidan Buffalo ak Fort Erie Public Bridge Authority ak Prezidan Empire State Development Regional Sam Hoyt**. “Devwalman nouvo Bilding Ladwàn nan se yon etap enpòtan delavan nan direksyon pou elimine angwas kwonik ak konjesyon nan pasaj Pon Peace.”

Memorandòm Akò Pon Peace te anonse pa Gouvènè Cuomo avèk Anbasadè kanadyen an Gary Doer nan dat 26 Jen 2012. Li prezante yon pwojè agresif ak plan spesifik pwojè a pou vanse ak amelyorasyon Plaza yo nan Etazini. Akò a mande \$150 milyon nan pwojè yo, genyen \$35 milyon nan amelyorasyon akoutèm nan pati ameriken pon an ke Public Bridge Authority te apwouve nan otòn dènye, ak \$60 milyon anplis pou Pwojè Ramp Gateway Depatman Transpòtasyon Eta New York (NYSDOT).

Anplis de Bilding Komèsyal Ladwàn nan, plizyè pwojè yo te site nan *Memorandòm Akò Pon Peace* ki te fini gen ladan:

- Pwojè Elajisman ak Amelyorasyon Plaza Etazini
- Pwojè Ramp Gateway
- Pwojè Apwòch Elajisman

Buffalo and Fort Erie Public Bridge Authority, yon administrasyon pon binasyonal, ki posede ak opere Pon Peace depi lane 1933. Pon an, ki te ouvè pou sikilasyon nan lane 1927, pase sou Niagara River ant Fort Erie, Ontario, ak Buffalo, New York, epi se yon pasaj fwontyè entènasyonal enpòtan.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York| Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418